



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 15 me 2013

GOUVÈNÈ CUOMO BAY PLIS PASE \$20 MILYON DOLA NAN LAJAN FEDERAL POU RANBOUSE REJYON YO POU DEPANS NETWAYAJ NAN SIPÈ-OURAGAN SANDY

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Eta New York te bay plis pase \$20 milyon dola pou zòn ki afekte nan Sipè-Ouragan Sandy pou ranbousman depans pou netwayaj ki fèt apre ouragan an. Rejyon k ap resevwa lajan sa a FEMA apwouve a gen ladan: Vilaj Freeport, Konte Nassau; Vilaj Westbury, Konte Nassau; Vil Oyster Bay, Konte Nassau; Depatman Sante Konte Suffolk; Konte Westchester; Vil Yonkers, Konte Westchester; ak Depatman Transpò Vil New York.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Nan chak kominote ki afekte nan Ouragan an, li te trè enpòtan pou bay repons rapid epi pou retire debri ki asosye avèk ouragan an ki te reprezante yon risk imedyat pou sante ak sekirite moun yo. Minisipalite ki toupatou nan Long Island, Lower Hudson Valley, ak zòn metwopoliten Vil New York te dwe aji vit pou retire debri ouragan an epi pou repara kominote a san pèdi tan. Mwen kontan paske mwen kapab bay lajan pou rejyon sa yo pou ranbouse depans yo epi pou ede nan efò sekou k ap kontinye.”

Manm Komisyon Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans Eta New York, Jerome M. Hauer, di konsa, “Reparasyon kominote ki domaje nan Sipè-Ouragan Sandy se pi gwo priyorite depatman an nou, epi fon ranbousman pou Asistans Piblik sa yo ap ede chak kominote afekte yo rebati pi vit ak pi solid.”

Lajan federal sa yo bay la se pati ranbousman k ap kontinye epi yo prevwa pou pidevan eta a pral administre ak peye pou minisipalite ki afekte yo. Minisipalite yo resevwa ranbousman an dapre plizyè kalite pwojè ki gen ladan konstwiksyon ak demolisyon, ranmasaj sab ak debri pyebwa, aktivasyon EOC, deplasman, enspeksyon, ak reparasyon ak restorasyon IT pou ijans epi pwogram Abri ak Enèji Debaz Pwovizwa (STEP). Eta a ap kontinye fè peman ranbousman sa yo lè FEMA afekte fon an.

Vilaj Freeport, Konte Nassau

Vilaj Freeport, Konte Nassau, resevwa \$1.835.311 dola pou ranbousman depans vilaj la fè apre konsekans Sipè-Ouragan Sandy. Vilaj Freeport te gen anpil dlo inondasyon, gwo lapli ak van, ki inonde plis pase 40 pousan Vilaj la ansanm avèk plis pase 4.000 kay, biznis, ak bilding enfrastrikti enpòtan (pa egzanp, izin enèji, kanalizasyon tanpèt, elatriye), ki te inonde nan pwofondè apeprè 8 pye. Yo te

idantifye debri ki bloke pasaj yo apre onn tanpèt ak lapli Sandy. Debri ki vini nan dlo tanpèt la, ki gen ladan pyebwa, branch bwa, mèb ki domaje nan inondasyon ak aparèy menaje, veyikil ak debri nan bilding ki domaje oswa detwi te epapiye toupatou nan Freeport ansanm avèk 53.389 yad kib debri konstwiksyon, demolisyon ak vejetasyon ki melanje. Nan anpil zòn, debri yo te bloke pwen aksè pou ijans epi yo te kreye yon gwo risk pou sante ak sekirite moun, sa ki te lakòz Vilaj la te reyaji vit pou retire menas sa a nan pi gwo kominote rezidansyèl yo ak nan plizyè pasaj. Vilaj la te estime yon distans 18,6 mil te inonde kanalizasyon tanpèt yo anvan, 738 basen kaptaj, K 365 bouch egou ap bezwen retire debri tanpèt la pou rezoud danje inondasyon. Depans yo te gen ladan mendèv minisipal, ekipman, materyèl, ekipman ki lwe, ak sèvis kontra.

Vilaj Westbury, Konte Nassau

Vilaj Westbury, Konte Nassau, resevwa \$463.603 dola pou ranbousman depans vilaj la fè apre konsekans Sipè-Ouragan Sandy. Gwo van ak laplis nan Sandy te domaje pyebwa, branch bout bwa ak branch ki lakòz yon akimilasyon apeprè 8.886 yad kib debri bwa sou wout yo, sou pasaj pyeton yo, sou pakin yo ak sou lòt pwopriyete. Vilaj la te itilize mendèv minisipal, ekipman ak materyèl, ak antreprenè prive, epi Konte Nassau te rasanble, retire ak elimine debri yo.

Vil Oyster Bay, Konte Nassau

Vilaj Oyster, Konte Nassau, resevwa \$13.143.778 dola pou ranbousman depans vilaj la fè apre konsekans Sipè-Ouragan Sandy. Gwo van ak gwo lapli te lakòz inondasyon sou tè ak onn tanpèt nan Sandy, ki te lage pyebwa atè, branch bwa, liy kouran, epi ki te detwi enstalasyon kanalizasyon wout ak bilding toupatou nan Konte Nassau. Wout yo te bloke avèk debri ak liy kouran ki tonbe yo, ki lakòz kondisyon danjere toupatou nan zòn nan. Tanpèt la te inonde zòn rezidansyèl ak zòn komèsyal toupatou nan Oyster Bay pou depoze apeprè 101.506 tòn debri konstwiksyon ak demolisyon. Vil la te itilize mendèv minisipal, ekipman ak antreprenè prive pou bay repons pou ijans lan.

Depatman Sante Konte Suffolk

Depatman Sante Konte Suffolk resevwa \$387.792 dola pou ranbousman depans vilaj la fè apre konsekans Sipè-Ouragan Sandy. Gwo van, gwo lapli ak inondasyon lokalize nan Sandy te kreye yon menas pou sante piblik pou sitwayen Konte Suffolk. Kondisyon inondasyon te lakòz yon menas imedyat pou lavi moun, sante piblik ak sekirite san konte blakawout, kontaminasyon dlo, pèt sèvis pou ijans ak enfrastrikti medikal enpòtan. Depatman Sante Konte Suffolk te itilize anplwaye pou bay sèvis pwoteksyon pou ijans pou sitwayen Konte Suffolk paske vaksen ak lòt materyèl medikaman te detwi akòz blakawout ki te lakòz pèt refrijasyon. Yo te mete anplas Gwoup travay Pwoteksyon Sante Piblik pou bay mezi pwoteksyon toupatou nan Konte a tankou Inite Kontwòl Manje pou evite maladi moun pran nan manje, Kalite Sante nan Anviwònman ki asire bon dlo potab, tretman dlo ize kòm sadwa ak eliminasyon dechè toksik/danjere ak Inite Sante Mantal ak Ijyèn te bay vaksen ak evalyasyon kalite karantèn sou anplwaye yo.

Konte Westchester

Konte Westchester resevwa \$1.920.095 dola pou ranbousman depans ki fèt apre konsekans Sipè-Ouragan Sandy. Kòm yon rezilta dirèk gwo van ak gwo lapli ki te dire anpil tan, apeprè 39.580 yad kib danje debri vejetasyon tankou gwo pyebwa ki tonbe ak chouk bwa ki derasinan ak 6.300 yad kib danje debri sediman tankou sab, pousyè, ak gravye te depoze sou pwopriyete piblik ak toutolon wout, pak, ak pasaj toupato nan Konte a. Answit, Depatman Enfrastrikti Anviwònman Konte Westchester te resevwa 2.378 tòn debri katastwòf melanje yo klase kòm Dechè Solid Minisipal ak 40.314 tòn debri vejetasyon yo klase kòm Dechè Jaden. Pou ka elimine menas imedyat pou sante/sekirite piblik la ak pwopriyete yo, travay pou ijans Konte a te fè te nesèsè pou retire danje tout debri yo te reprezante a. Konte Westchester te itilize mendèv minisipal ak resous ekipman ak antreprenè prive pou retire debri yo.

Vil Yonkers, Konte Westchester

Vil Yonkers, Konte Westchester, resevwa \$1.649.816 dola pou ranbousman depans vilaj la fè apre konsekans Sipè-Ouragan Sandy. Kòm yon rezilta dirèk gwo van ak gwo lapli ki te dire lontan, apeprè 7.659 tòn debri plant danjere te fè depo nan wout, pak, ak pasaj toupato nan Vil la. Pou kapab elimine menas pou sante ak sekirite piblik la, travay pou ijans te nesèsè pou retire debri plant danjere tankou gwo kantite pyebwa ak ti pyebwa ki tonbe. Vil la te itilize mendèv minisipal ak resous ekipman ak antreprenè prive pou retire debri yo.

Depatman Transpò Vil Nouyòk

Depatman Transpò Vil New York resevwa \$773.041 dola pou ranbousman depans vilaj la fè apre konsekans Sipè-Ouragan Sandy. Gwo van, gwo lapli ak onn tanpèt akòz Ouragan Sandy te lakòz gwo domaj toupato nan Vil New York, tankou akimilasyon debri nan lari, twotwa, ak lòt enfrastrikti piblik. Debri yo te gen ladan materyèl an bwa, sab, wòch, dekonm ki nan lari ak dekonm bilding/kay, ak objè tout kalite onn tanpèt la ak van an depoze, pasaj veyikil ki bloke, ak reprezante yon menas imedyat pou sante ak sekirite piblik la. NYC DOT te travay avèk Depatman Ijyèn New York (DSNY) nan ranmasaj debri nan vil la pou apeprè 1.300.000 yad kib debri. Ekip yo te pote-kole avèk Pak ak Lwazi Vil New York nan ranmasaj ak transpò debri yo ki te nan pak Vil la. Ekip DOT ak Pak yo te ranmase pyebwa ak branch ki te tonbe sou gwo otowout ak rezo lari a.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418